ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№135 (23.949) ● 2019 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныжкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ и комиссэм хэтхэр кьащтэныр и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Хуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммуналькIэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI Токъу Р. М. хэгъэхьауэ, Гриневич В. В. кхыхэгъэкIыжауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м
№96-УГ

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм щыщ Iыхьэм щагъэуваурэ щыта мардэ пыуыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринариемрэ и Iуэхукlэ» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 3 статьям ипкъ иткIэ икIи Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм хьэщхьрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ зэрыщымыIэжьым къыхэкIыу:

1. Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм Балъкъэр уэрамыр, Гюдюргюевскэ уэрамдэкIыр, Шэджэм, Чатысу псыхэм я Iуфэхэр зыхиубыдэ и щIыпIэм щагъэувауэ щыта мардэ пыуыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьжьын.

2. Къару имыIэжу къэпсытэн «Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм щыщ Iыхьэм мардэ пыуыкIахэр (карантиныр) щыгъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм фокIадэм и 5-м къыдигъэкIа Унафэ №999-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м
№125-РГ

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Гулъытэ гуапэ

Ветеранхэм я Налшык къалэ Советым щекIуэкIащ Хэку зауэшхуэм хэта, а зэман хьэлъэм лэжьа зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэда цIыхубзхэм я зэлъашIэ.

АБы ирагъэблэгъахэм ягу къагъэкIыжьинрэ зытепсэлъыхьынрэ я гъунэжт: хэти заводхэм щылэжьащ, хэти щIыпII ягъэкIуэкIам ехатащ, хэти бийм яIэрыбгъэхьэ мыхъуну Iэнатlэхэр яхъумащ.

Псалъэм папщIэ, Руэлидэ Марие Бахьсэн ГЭС-р зыхъумахэм, Газдаровэ ФатIимэ мэзым пхъэ къыщIэзышхэм зауэр иухыу яхэтащ. Куэдым щапхъэ яхуэхъуа а цIыхухэм яхуэзфIэкI яцIэ: Нэзэр Лелэ 12-нэ курыт школым хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ гупжьей къыщыдзэригъэпщащуэ мэлажьэ, Полуметская Иннэ бынунагъэушхуэхэм ядоIэпыкъу. ТекIуэныгъэ Иныр къыздрахьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэпсынкIэм зэрыпежьэ зэлущIэр ягъэбжьыфIащ ветеранхэм я «Эстафета» хорымрэ Налшык дэт 2-нэ лицейм и еджакIуэ цIыкIухэм ягъэхьэзырра концертымрэ. Нэхъыжьхэм папщIэ ерыскъы Iэни къащтащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ: «Урысей Федерацэм и Iуэху еплъыкIэхэр Европэм и Советым хэтхэм я деж нихьэсынымкIэ мыхуэдэ зэIущIэр Iэмалыфlщ»

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ Урысей Федерацэм и лIыкIуэхэм я гъусэу Европэм и Советым щыIэ, щIыпIэ, щIыналъэ властхэм я конгрессым и 37-нэ зэIущIэм ирагъэблэгъауэ (Страсбург къалэм щокIуэкI).

Егоровэ Татьянэ хэтщ щIыналъэхэм я палатэмрэ Европэм и щIыкIуэ партымрэ управленэмкIэ Комитетымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм и унафэщIыр тедгъэпсэлъыхьащ зэIущIэшхэм къриклам.

- Татьянэ, сыт хуэдэ Iуэхуэр къыщIэта Европэм и Советым щыIпIэ, щIыналъэ властхэм я лIыкIуэхэр щызэхуэсар?

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Европэм и Советым и къудамэ нэхъыщхьищым Конгрессыр зэрыщыщыр, ар чэнджэщапIэу зэрыщытыр. ЩIыпIэ, щIыналъэ унафэщIхэр зыхэт зэхуэсым щытопсэлъыихь псори зэхуэдэу зыIууз гугъуекъхьэм, зочэнджэщ ахэр къызэрызэранэкIыну Iэмалэмкlэ. Конгрессым гулъытэ хэха хуещI Европэм и Советым хэт къэралхэр демократием и хабзэхэм зэрытетым, щIыпIэ самоуправленэм екъэлIауэ 1985 гъэм къыдагъэкIауэ щыта европей унафэхэр зэрыщагъэзащIэм, псом хуэмыдэу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр къызэрызэрагъэпэщыжьэ зэхьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым я нэIэ зэрытрагъэтымрэ.

Зэхуэсым упщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщалэтащ, щIыналъэ политикэм, гъунапкъэхэм пэгъунэгъу щIыпIэхэм налогыр зэрытрагуашэм, демократиер зи лъабжьэ жьылагъуэ Iуэхущ1пIэхэм зегъэужьыным, нэгъуэщIхэми теухуауэ. КъинщынэмыщIауэ, щхьэхуэу тепсэлъыхьащ щыналъэнэшагъэм, «Къалэ Iущхэм» я къызэгъэпэщыкIэм. Конгрессым хэтхэм къыхалъхьащ «Унафэхэр къыщащтэкIэ щыхуэхэр я Iуэхум къыхэшэныжьэ кодексым» хэплъэжьын хуейуэ.

Урысей Федерацэм щыпIэ, щIыналъэ демократием и хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм теухуауэ Конгрессым къыщыпсэлъащ Винен Якобрэ (Нидерландэм щыщщ) Диксон Стюартрэ (Великобритание). Абыхэм къыхагъэщащ иужьрейуэ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIрэ (2010 гъэм) Урысейм екъулIэныгъэфIэхэр зэрызыIэригъэхьар, абы и щIыналъэхэм демократием зэрызыщригъэужьым екъэлIауэ.

Къэпсэлъахэм жаIащ къэралI Iуэхуэм цIыхухэр къыхашэныр урысей законодательствэм къызэрыгулъытэ хэха хуещI Европэм и Советым хэт къэралхэр демократием и хабзэхэм зэрытетым, щIыпIэ самоуправленэм екъэлIауэ 1985 гъэм къыдагъэкIауэ щыта европей унафэхэр зэрыщагъэзащIэм, псом хуэмыдэу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыжьэ зэхьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым я нэIэ зэрытрагъэтымрэ.

Зэхуэсым упщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыщалэтащ, щIыналъэ политикэм, гъунапкъэхэм пэгъунэгъу щIыпIэхэм налогыр зэрытрагуашэм, демократиер зи лъабжьэ жьылагъуэ Iуэхущ1пIэхэм зегъэужьыным, нэгъуэщIхэми теухуауэ. КъинщынэмыщIауэ, щхьэхуэу тепсэлъыхьащ щыналъэнэшагъэм, «Къалэ Iущхэм» я къызэгъэпэщыкIэм. Конгрессым хэтхэм къыхалъхьащ «Унафэхэр къыщащтэкIэ щыхуэхэр я Iуэхум къыхэшэныжьэ кодексым» хэплъэжьын хуейуэ.

Урысей Федерацэм щыпIэ, щIыналъэ демократием и хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм теухуауэ Конгрессым къыщыпсэлъащ Винен Якобрэ (Нидерландэм щыщщ) Диксон Стюартрэ (Великобритание). Абыхэм къыхагъэщащ иужьрейуэ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIрэ (2010 гъэм) Урысейм екъулIэныгъэфIэхэр зэрызыIэригъэхьар, абы и щIыналъэхэм демократием зэрызыщригъэужьым екъэлIауэ.

Къэпсэлъахэм жаIащ къэралI Iуэхуэм цIыхухэр къыхашэныр урысей законодательствэм къызэрыгулъытэ, апхуэдэуи щапхъэу къахьащ щIыпIэ унафэ щIыкIэм зегъэужьыным екъэлIауэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къыщагъэсэбэп Iэмалыщ1эхэр.

А Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ Урысейм икIаэри. Къыхэзгъэщынут, ди лIыкIуэхэм къыхалъхьа Iуэхуэр къэрамыгъэщтэну Украинэм къикIахэр пылъами, Конгрессым хэтхэр абыхэм я телъхьэ зэрымыхъуар. Докладыр даIыгъащ цIыху 98-м, цIыхуи 8 къудейщ абы арэзы темыхъуар. НэгъуэщIу жылIэмэ, Украинэмрэ Куржьмрэ я лIыкIуэхэм ящыщу Урысейм къыпэщIэуэру къэпсэлъахэм я мурадэхэр къайхъулIакъым.

Зэхуэсыгъуэм хьихьэу, Конгрессым и комитетищмрэ политикэ гупхэмрэ я зэIущIэхэри екIуэкIащ. Къыхэгъэщыпхъащ Конгрессым хэтхэм ящыгъуу, мы Iуэхум щIалэгъуалэри зэрыхэзгъэкIа я пашэхэри, студентхэри, политик ныбжьыщIэхэри. Аэрэ тепсэлъыхьащ я щIыпIэхэм щрагъэкIуэкIа Iуэхуэхэм. ЩIалэгъуалэр апхуэдэ зэхуэсыщхьэм хэгъэтыныр Конгрессым экспертхэм ищIауэ йокIуэкI 2014 гъэ лъандэрэ икIи а Iуэху бгъэдыхьэкIэм кърикIуэри нэрылъагъущ. А псом и щIыIужкIэ, Европэм и Советыр илъэс 70 зэрыркъуам теухуа зэхьихьэ гуапэ дыхэтащ.

- Мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ зэхьихьэм зыбжанэрэ ущыIащ. Нэхъыбэу сыт уигу къинэжар? Иджырей зэхуэсыгъуэр адрейхэм сыт къаэзрыщхьэщыкIыр?

- Шэч хэмылъу, Конгрессым и лэжьыгъэм ухэтныр щхьэпэщ. Псалъэм папщIэ, нэгъуэщI къэралхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм нэхъ гъунэгъуу ухэгъэгъуазэ, дунейпсо зэхьихьэхэм ухэтныжьмкIи уи зэфIэкIым хегъахьэ.

ТфIэгъэшIэгъуэнрэ дедэIуащ адрейхэм я Iуэху еплъыкIэм, дэри ди гупсысэ яхэтлъхьащ. Иджырей зэхуэсыгъуэр ипэ итахэм сыткIэ къащхьэщыкIрэ жылIэмэ, къыхэгъэщыпхъэщ щхьэтечу дызэпсалъэ зэрыхъуар. Урысейр зыубу къэпсалъэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Ар хъарзынэщ.

ЗэIущIэхэр сыхьэтипщым щIигъукIэ йокIуэкI, зыгъэпсэхугъуэ зэман щIагъуэ къыпхуимыхуэу.

- Конгрессым и къыкIэлъыкIуэ зэхьихьэр сыт щыгъуэ иригъэкIуэкIыну?

- Илъэсым къриубыдэу апхуэдэ зэхуэсышхуэ тIэу къызэрагъэпэщ, жэпуэгъуэмрэ гъатхэпэмрэ техуэу. ЗэрыжысIащи, Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмкIэ и конгрессым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псом хуэмыдэу ар Iэмалыфlщ Урысей Федерацэм и Iуэху еплъыкIэхэр Европэм и Советым хэтхэм я деж нихьэсынымкIэ.

Епсэлъар
МУРАТ Даринэщ.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ

Щэкlуэгъуэм и 10-м ягъэлъэпIащ Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэр. Абы ирихьэлIэу КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ зэхьихьэ зэмылIужьыгъуэхэр.

Мамхэгъ Назир

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м и пэшышхуэм щызэхуэсат министерствэм, абы и къудамэхэм я унафэщIхэр, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я ветеранхэр, КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лыкIуэхэр.

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и Iэнатlэхэм я лэжьакIуэм и махуэмкlэ ехъуэхъуну къэкIуат КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэщIагъэмкlэ и советым и секретарь **Тату Къазбэч**, КъБР-мкlэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай**, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Гаглазов Александр**, Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къэлэнхэр зыгъэзащIэ **Бабаев Алим**, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Надёжин Михаил**, КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министру щыта генерал-лейтенант **Щоджэн Хьэчим** сымэ.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Мамхэгъ Назир** махуэшхуэ зэхьихьэр къыщыдзэIуихым я лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ екъуэхуэрыуэ икIи кIэщIу къытеувыIащ министерствэм и лэжьакIуэхэм яхуэзфIэкIым щIэпхъаджагъэм пэщIэтным, щIыхуэхм я фейдэ зыхэлъхэр хъумэным, я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуауэ. Абы къыхигъэщащ я лэжьакIуэхэм я къалэнхэр щагъэзащIэкIэ щыхэкIуади къызэрыхъур. 2019 гъэм и щIышылэм бзаджащIэхэр хъатеуэри хъкIуэдащ гъуэгу-плъыр хъулъкъум и инспектор полицэм и лейтенант Балъкъэр Аслъэн Артур и къуэр. Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ полицэм и офицерым къыхуагъэфэщащ Лlыгъэм и орденыр, мыпсэужу.

- Дэ тщыгъупщэркъым игуэр нэмысу тхэкIыжахэр. Ахэр егупсысакъым я щхьэми я Iыхьлыхэми. Абыхэм а лъэбакъуэр ячащ я къалэным хуэпэжу нэщIысауэ я къулыкъу къалэныр ягъэзащIэу, Тхьэрыуэм тету, - жиIащ полицэм и полковникым.

Мамхэгъ Назир фIыщIэ яхуищIащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я ветеранхэм:

- Ди екъулIэныгъэхэм я лъабжьэщ фэ фи щапхъэр, - къыхигъэщащ абы.

Министерствэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм зэIущIэм щратащ ведомствэм и медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Зи махуэр зыгъэлъапIэхэм екъуэхъуащ, узыншагъэ, екъулIэныгъэ яIэну зэрагуапэр жаIащ Тату Къазбэчрэ Щоджэн Хьэчимрэ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыддзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник **Думай Борис** тепсэлъыхьащ республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и Iэнатlэхэм я тхыдэм, псалъэ гуапэхэмкlэ захуигъэзащ иджырей хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм.

Гаглазов Александр республикэ МВД-м и лэжьакIуэ нэхъыфI зыбжанэм яритащ КъБР-м щыIэ УФСБ-м и щыхь тхылъхэр.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуа зэIущIэм къыщыдзэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ, я нэгу зрагъэжьащ къэрал кIуэцI къулыкъум и капитанхэу Тембот Венерэрэ Фединэ Любовэрэ, КъБР-м щыIэ зиIэ и артист Цокlыл Аэзмэт, дунейпсо макъамэ зэпеуэхэм я лауреат Жаникаев Эльдар сымэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзытахэр ящыгъупщэркъым

Налшык къалэ Хабзэхъумэхэм я щIыхь аллеем деж щекIуэкIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ пэкIу.

РЕСПУБЛИКЭМ мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным зи гъащIэр щIэзыта лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу къызэхуэсат Налшык къалэмкIэ УМВД-м и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ, ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэр.

- Дэ ди къалэнщ республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыгъэмрэ зи псэр щIэзытахэр тщымыгъупщэну, абыхэм я унагъуэхэм ди нэIэ ятедгъэтыну, - жиIащ Налшык къалэмкIэ УМВД-м и унафэщI полицэм и полковник **Гераев Марат**.

Кьыдзэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIыльащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щэкlуэгъуэм и 12, гъубж

♦Пневмонием (тхьэмбыл узым)ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и ХъуманIэ банкым и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Урысейм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкIэ и Iэщ1агъэлIым и махуэщ

♦Азербайджан Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦1472 гъэм Урысейм и Гербыщ1эр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.

♦1803 гъэм император Александр Езанэм и унафэкIэ Карамзин Николай «урысей тхыдэтхыу» ягъэуващ.

♦1860 гъэм США-м и щхэурыплажьэ Iуэхущ1апIэр къызэрагъэпэщащ. ЯпэщIыкIэ абы и къалэну щытар доллар нэпI къыщIэзыгъэкIэхэмебэныныр.

♦1917 гъэм Петроград дэт ЩIымахуэ уардэунэр Къэрал музейуэ къальытащ.

♦1982 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хахащ Андропов Юрий.

♦1986 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ СССР-м Щэнхабзэмкlэ и фондыр (иджыпсту Урысейм Щэнхабзэмкlэ и фондырщ). Абы и унафэщIу ягъэуват Лихачёв Дмитрий.

♦Урыс композитор, химик **Бородин Александр** къызэралъхурэ илъэси 186-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей актрисэ, уэрэджыкIуэ, СССР-м и щэджыкIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Турченкэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философиемэ и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуаэзэр» хьэрпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Къэрал кулыкъущIэ, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министру щыта, къэралым и Къэзыбж палатэм и аудитор **Мень Михаил** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист, дунейм щэнейрэ и чемпион хъуа, Олимп Джэгуэм жэз медаль къыщыдзихьа **Чудов Максим** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 13, бэрэжьей

♦Нэфхэм я дунейпсо махуэщ

♦Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщэхэм защыхъумэным хуэгъэпса и дзэхэм я махуэщ

♦Урысей Федерацэм Къэрал щэхур хъумэныкIэ и Iуэхущ1апIэр къыщыдзэрагъэпэща махуэщ

♦1758 гъэм Москва къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ Ямэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).

♦1851 гъэм Москваръ Санкт-Петербургрэ зэпызыщIэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъущI гъуэгур яташ.

♦1872 гъэм Толстой Лев и «Азбука» тхылъым и етIуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.

♦1918 гъэм Рязань къалэм къыщыдзэрагъэпэщащ хъэуа-десантыдзэхэм я унафэщIхэр щрагъэджэну училищэр.

♦1921 гъэм Москва къалэм къыдзэрагъэпэщащ Вахтангов Евгений и цIэр зезыхьэ Къэрал академие театрыр.

♦Шотландием щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ, усакIуэ, «Остров сокровищ» романыр зытха **Стивенсон Роберт** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.

♦АР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм и Гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Зэдзэкlакlуэ, радиожурналист **Мэремкъуэ Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦1955 гъэм къалъхуащ США-м щыщ актрисэ, Америкэм и киносаугъэт нэхъыщхьэ псори - «Оскар», «Грэмми», «Тони» и «Эмми» жыхуаIэхэр - зыхуагъэфэща **Голдберг Вупи** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонисткэ, Олимп Джэгуэм я чемпионкэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Ахатовэ Альбинэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 15, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къоузым удэгъызмэ, узыр мэятэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2019 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр нухащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хьыбар идогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ иджыри Iэ щыщIэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэмэ. Зы мазэм «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 109-рэ кIэпIейкIэ 61-рэ.

Ди индексыр П 5894

ПОЧТА РОССИИ

Шурдым Гъэзалий и щапхъэ

● Фэеплъ

ЩIДАА-м и академикыу, Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэу, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкIэ и институтым неорганическэ, физическэ химиемкIэ и кафедрэм и унафэщIу щыта, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Гъэзалий Къасбот и къуэм и фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

АБы КЪРИХЬЭПIАТ КЪБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий, КъБКъУ-м стратегие зыужьынымрэ лъэпкъ зэпыщIэнигъэхэмкIэ и проректор Къуцухэ Хьусен, химиемрэ биологиемкIэ институтым и унафэщI Хьурей Арсен, еджапIэ нэхъыщхьэм неорганическэ, физическэ химиемкIэ и кафедрэм и доцент Шэрджэс Заур, КЪБР-м и лъэпкъ хозяйствэм и тхьдэмкIэ кафедрэм и унафэщI Эфендиев Сэлихь, хьыбарегъащIэ технологиехэмкIэ колледжым и унафэщI Нэхущ ФатIимэ сымэ, щIэныгъэлIым и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъуу, къыдэлажьэу щытахэр.

ЗэIущIэм ялъэ къыщыпсэлъа Къуцухьэ Хьусен жиIащ: «Гуапэу дигу къыдогъакIыж химие щIэныгъэм лъэужь дахэ къыхэзыха Шурдым Гъэзалий Къасбот и къуэр. Ар псэужамэ, и ныбжьыр мы гъэм илъэс 85-рэ ирикъунут. Гъэзалий и цIэр зэи хэмыгъуэщэжыну къыхэнащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и гъащIэм. Абы зэфIэкIыу иIам, и IэдакъэщIэкIэм пщIэ хуумыщIын плъэкIынукъым».

Шурдымым и лэжьыгъэфым, и Iэдакъэ къыщIэкIахэм, дунейм къытрина и Iэужьыфым пшыхьым щытепсэлъыхьащ Шэрджэс Заур.

Гъэзалий лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьынымрэ хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыща еджагъэшхэт. Адыгэхэм ящыщу физическэ химие унэтIныныгъэмкIэ я лэжьакIуэ щIэныгъэхэм я доктор цIэр зыфIащауэ щытар арат. КъБКъУ-р къыщыщIэзрагъэпэща ильэсым къыщыщIэдзауэ дунейм ехьыжьу Гъэзалий щылэжьащ а еджапIэ нэхъыщхьэм. Арат университетым физическэ химие унэтIныныгъэмкIэ кафедрэ къыщыгъэзыгъэпэщари. Химие щIэныгъэм и лъабжьэр ди республикэм щигъэбыдэри, иужькIэ, аспирантури диссертацэ советэ къыщыгъэIуихауэ щытащ. ЩIэныгъэлIым и нэIэм щIэту химие щIэныгъэхэмкIэ я кандидат, доктор лэжьыгъэхэр цIыху пщIы бжыгъэхэм пхагъэкIащ. Ар щIэх-щIэхьуурэ ирагъэблагъэрт къэралым, апхуэдэу дуней псом щекIуэкI зэхьихьэхэм, конференцхэм.

Шурдымым иригъэкIуэкIырт щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри. Дунейм къытехьащ абы и монографиеу 4-рэ студентхэр зэреджэну тхыльу 5-рэ. И Iэдакъэ къыщIэкIахэр псори зэхэту щIэныгъэ лэжьыгъэ 500-м щIегъу.

Емызэшыжу иригъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ илъэс блэкIам ЕстествознаниемкIэ Урысейпсо Академием и Президиумым и унафэкIэ Шурдым Гъэзалий «ЩIэныгъэ школым и къызэгъэпэщакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ. Апхуэдэуи РАЕН-р къызэрыунэхуэрэ илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу «PRIMUS INTER PARES» (зэхуэдэхэм я нэхъыфI) орденыр ятратащ.

Махуэ къэскIэ зыхуэзэу щыта и лэжьэгъуэм апхуэдэу ягу къагъэкIыжащ Гъэзалий и гушыIэ дахэхэр, хэпъа хабзэр, студентхэм зэрадлажьэу щыта щыкIэхэр. Апхуэдэу къызэхуэсахэр ирагъэплъащ Шурдымым и сурэт гъэлъэгъуэныгъэу пшыхьым ирихьэлIэу ягъэхьэзырам.

ЗэIущIэм и кIэухыу Шурдым пэпкъым къыбгъэдэкIыу къэпсэлъа Юрэ фIыщIэ яхуищащ пшыхьыр къызэгъэпэщахэмэ, Гъэзалий гуапэу зигу илъу абы къекIуэлIахэми.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Урысейпсо къыхэтхыкIыныгъэ

ТхылъымпIэхэр къамыгъэсэбэпу

ТхылъымпIэхэр къагъэсэбэпурэ цIыхухэр къызэрыхатхыкIыр электрон тепльэкIэ иджы дэни щахъуэж. Илъэс иримыкъу дэкIмэ, Урысей Федерацэм щекIуэкIыныгъэ хыхьэ а Iуэхугъуэр. Ар зэрыщытыну щыкIэм нобэ фыщыдгъэгъуэзэнщ.

БЖЫГЪЭР зи лъабжьэ япэ урысейпсо цIыхухэм я къыхэтхыкIыныгъэр (ВПН-2020) 2020 гъэм и жэпуэгъуэм екIуэкIынущ. Къэралым щыпсэу дэтхэнэми Iэмал иIэнущ «Госуслуги» порталым щыIэ къызэрыхатхыкI электрон напэкIуэцIхэм езыр-езыру зыхуэйгъэ иратхэну, къыхэтхыкIныгъэр езыгъэкIуэкIхэми къагъэсэбэпынур апхуэдэ бланкхэр зэрыт электрон планшетхэрщ. ТхылъымпIэм и къызэрыхатхыкI напэкIуэцIхэр къыщыдэхъуахынур планшет компьютерыр зэрымыщIэкIэ къутэмэщ.

2010 гъэм зэхэта дунейпсо къыхэтхыкIныгъэр щекIуэкIым къэралхэм я нэхъыбэм къыщагъэсэбэпар нэхъапэм зыстета Iэмалхэращ - тхылъымпIэм и къызэрыхатхыкI напэкIуэцIхэр яIащIэпIуу къыхэтхыкIауэхэм къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэухэм зыхуагъазэрт. Къэрал зыбжанэр нэхъ жыжьапIэу къыщIэкIащ икIи я цIыхухэм Iэмал иратащ электрон къыхэтхыкIныгъэм хэтыну. Къапщтэмэ, 2011гъэм Болгариием интернеткIэ къыщызэрагъэпэща сайт щхьэхуэм зыщагъэтхащ цIыху мелуани 3,1-м, ар а къэралым щыпсэум и процент 42-м щIегъу. А гъэ дыдэм Литвами онлайн-къыхэтхыкIныгъэр щызэхэтащ икIи цIыху мелуаныр щIигъуи, е республикэм щыпсэум и процент 34-м ныблагъэм, зыщрагъэтхащ. Эстониеи и цIыхухэм 2012 гъэм Интернет къыхэтхыкIныгъэм и рекорд ягъэуващ - а къэралым щыпсэуи и процент 67-м онлайн IэмалымкIэ зрагъэтхащ. Канадэм и цIыхухэм я процент 55-р, Португалиеми - я процент 50-р, Испаниеми - я процент 37-р, Италиеми - я процент 33-р къызэрыхатхыкIар апхуэдэущ.

НэгъуэщI къэралхэм къагъэсэбэпа Iэмалыщ Iэм кIигъэльэгъуащ интернет Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ къыхэтхыкIныгъэр нэхъ тынш икIи псынщIэ зэрыхъур - къыхэттхыкIым уепсалъэурэ зэман бгъэкIуэдыркъым икIи щыхущIыхьэм и деж упщIэ псоми абы жэуап иритыфынущ. БгъэдыхьэкIэщIэм и фIыгъэкIэ кьалэрыхьа хьыбархэм елэжьыжьыми текIуадэ зэманыр машIэ дыдэщ. КъыщынэмыщIауэ, зэман зрихьэлIэу щыта лъэпокъхэпо куэд лъэныкъуэ егъэза мэхъу: зыщIэупщIэнухэр къэгъуэтынымрэ къыхэтхыкIныгъэр езыгъэкIуэкIхэм я шынагъэншагъэмрэ. Абы щыгуэмми интернет-къыхэтхыкIныгъэми щыщIэныгъэ иIэщ - уха бжьу гугъущ къэпщIэну ар къэзыгъэсэбэпхэм я онлайн-жьыджэрагъыр. Уэзрыщыгугъам нэхърэ ар нэхъыбэу е нэхъ машIэу щытыфынущ.

КъыхэтхыкIныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ бжьыгъэ зи лъабжьэ Iэмалхэр къэзыгъэсэбэп къэралхэм къахэхъуэ зэпытщ. Ди гъэзэгъу Беларусым СНГ-м щыIэпсу ар къыщIташ. Мы гъэм жэпуэгъуэм и 4-18-хэм а республикэм и цIыху мелуани 2-м щIигъум электрон напэкIуэцIхэмкIэ зрагъэтхащ. КъыхэтхыкIныгъэм и кIэухым - жэпуэгъуэм и 21-30-м - Белстатым и къыхэтхыкIакIуэхэм электрон планшетхэр яIыгъыу щIэупщIэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ, интернет-къыхэтхыкIныгъэм хэмытахэр къутэмэщ.

Урысей Федерацэм Iэмалышщ Iэр ялъэ дыдэу щагъэунэхуащ 2018 гъэм цIыхухэр хэчыхьауэ къыщыхатхыкIым. Абы щыгъуэм «Госуслуги» порталым зыщрагъэтхащ цIыхухэм я процент 2,8-м - ар Швейцариием 2010 гъэм щыщIам (зы процент) щIегъу. Языныкъуэ щIэныгъэхэм, псалъэм папщIэ, Камчаткэмрэ Сахалинымрэ, онлайн-къыхэтхыкIныгъэм къыщирихьэлIащ щыпсэухэм я процент 40-м щIигъу. Зэрыщыту къапщтэмэ, ялъэ ирагъэкIуэкIа къызэрапщытэ урысейпсо интернет-къыхэтхыкIныгъэмкIэ зрагъэтхащ цIыху мелуан 1,2-м щIигъуи.

2019 гъэм и гъэмахуэм щыIа щIэупщIэныгъэм хэтахэм я процент 52-м къыжаIащ 2020 гъэм ирагъэкIуэкIыну ЦIыхухэм я урысейпсо къыхэтхыкIныгъэр «Госуслуги» порталым щыIэ электрон къызэрыхатхыкI напIэкIуэцIхэм итхэныр нэхъ IэмалыфIу.

КъыхэтхыкIныгъэм папщIэ къэбгъэсэбэп хьунущ:

ВПН-2020-м и Медиаофисыр
media@strana2020.ru
+7(495) 933-31-94

Социальнэ сетхэм ВПН-2020-м щиIэ сообществэхэр:
https://www.facebook.com/strana2020
https://vk.com/strana2020
https://ok.ru/strana2020
https://www.instagram.com/strana2020
youtube.com

ЦIыхухэм я урысейпсо къыхэтхыкIныгъэр 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 31 пщIондэ екIуэкIынущ, бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу. Абы щIэуэ къыхьыхьа нэхъыщхьэм ящыщу Къэрал Iэхъутхьэбзэхэр щыхуащIэ портал закъуэм (Gosuslugi.ru) Урысей Федерацэм щыпсэухэм езыр-езыру иратхэ зэрыхъунур. Псоуэльэхэр къыщыщэхакIухькIэ Росстатым и къыхэтхыкIакIуэхэм къагъэсэбэпынущ программэ пыухыкIа зиIэ планшетхэр. КъыщынэмыщIауэ, зыкъыщыхебгъэтхыкI хьунущ къыщыхатхыкI участкхэм, къэрал, муниципальнэ Iэхэутхьэбзэхэр щыхуащIэ унэтIныныгъэ куэд зиIэ центрхэм (МФЦ) я хэщIапIэхэмри.

ХЬЭТАУИслъам.

● Щынальэхэм кратхыкI

Ипэ игъэщыпхъэхэр

Дзэлыкъуэ щIыналъэ сымаджэщыр зэрагъэпэщыжьыж.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым къыхэкIыу мыбы хуаутIыпщащ сом мелуани 8-рэ мин 600-рэ. Куэд лъандэрэ зэмылажьэа Iэхъущ Iапт Iэм и ущщхьэм псы къыпхьыкIырт, бжэ, щхьэгъубжэхэр, бжьэмийхэр жьы зэрыхъуам сымаджэхэри лэжьакIуэхэри зэгъусэу гугъу иригъэхьырт. Апхуэдэт пэш кIуэцIхэри, унэм и Iупльапэхэри. Ауэ, а псори зэрагъэзэхуэжьынурэ сымаджэщым и тепльэри екIуу къагъэщIэрэщIэжьынущ.

Блэкiам и Iэужьыр

Къэщкъэтау жылагъуэм щекIуэкIащ политикэ зэхэзехуэм и лей зытеХьахэм ятеуху пэкIу.

КЪАТЩТЭМЭ, мы жылагъуэм щыщу цIыху 350-рэ хилъбыдащ 1929-1930 гъэхэм къэралым зэриихьа залымыгъэм. Абыхэм я къэщщхьэхэр къэпсыхьэужьыным теухуауэ лжьхьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ветеранхэм я куэдж Советым и унафэщI Уянаев Виктор. Район, къуажэ administрацэхэм, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIуу зэIущIэм кьекIуэIа лIыкIуэхэм ягу къагъэкIыжащ лажьэ ямыIэу ягъэкIуэда цIыху хейхэм я гъащIэмрэ я кьекIуэкIыкIамрэ, тепсэлъыхьащ ахэр гъэзэжуэжным теухуауэ ящIамрэ иджыри къапэщыт къалэнхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди къуэш республикэхэм

Мелуанрэ ныкъуэм нэсыну поплъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и курортхэм мы гъэм и мазибгъум щыIащ цIыху 1 мелуанрэ мин 200-рэ, нэгъабэ елъытауэ продуктэ 10-кIэ нэхъыбэ.***

ЗыГЪЭПСэХУАКIУЭХЭМ, зыплъыхьакIуэхэм я бжыгъэм хигъэхьауад республикэм турист Iэнатlэм зэрызыщиужьым, хьэщIэщ, бгы-лыжэ ухуэныгъэхэм, щIыпIэхэр екIуу зэращIым, гъуэгуэхэм зэрызрагъэужьым, - къет КъШР-м Туризмэмкlэ, курортхэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэм.

Iэщlагъэлlэхэм зэрыжаIэмкIэ, 2019 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым щIэлъыхьакIуэ кIуэнур мелуанрэ ныкъуэм нэсынущ.

Бжьыхьэсэр и кIэм нагъэс

АДЫГЕЙ. ***Къехьэлlэжьагъуэ, бжьыхьэсэ лэжьыгъэхэр республикэм щыIэ. Гъавэр щыхасащ гектар мини 110,8-м, бжьыхьэсэ рапсыр гектар мини 9,9-м, нэгъабэ елъытауэ ар гектар мини 3,3-кIэ нэхъыбэщ.***

НАРТЫХУ жылапхъэр къыщрахьэлlэжащ гектар мин 30-м, дэтхэнэми центнер 33,7-рэ къитащ. Прунжьыр, дэтхэнэми центнер 48,2-рэ къытрахыу, щызэщIакъуэжащ гектар мини 7,9-м, сэхуараныр къыщрахьэлlэжащ гектар мини 48,4-м. Лэжьыгъэхэм иджыри пащэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр мащIэкъым

АБХЪАЗ. ***Президент Хаджимбэ Рауль министрхэр я къулыкъум зэрыпэрыувэм теуху Унафэм Iэ щIидзащ. Премьер-министру къэнэжащ Бгьанбэ Валерий.***

ИДЖЫ Абхъазым и правительствэм министерствэ 12 хэтщ 15-м и пIэкIэ, язынкъуэ Iэхъущlанэхэр зэрызэрахъуэкIам къыхэкIыу. Къапщтэмэ, Мэкъумэш Iэнатlэмкlэ, Курортхэмрэ туризмэмкIэ министерствэхэр къэрал комитетым хуэкIуащ. Лэжьыгъэм, Узышлагъэр хъумэныкIэ министерствэхэм я пIэкIэ къызэрагъэпэщащ Узышлагъэр хъумэнымрэ социальнэ дэIепхьыныгъэмкIэ министерствэ. Апхуэдэуи министерствэ зыбжанэм я цIэр ихъуэжащ. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэр щIэныгъэмкIэ министерствэ хъуащ.

Я къулыкъуэр къыхуагъэнэжащ министрищым: зыхъумэжныгъэмкIэ министр Кишмарие Мераб, МИД-м и Iэтащхьэ Кове Даур, къэрал кIуэцI IэхъуэхэмкIэ министерствэм и унафэщI Аршба Гарри. Япэ вице-премьер Аршба Даур, министрхэм я кабинетым и аппаратым и унафэщI Сангулие Давид сымэ я Iэнатlэхэм къыпэрынащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лэскэн районым хыхь Хьэтуей жылэм иджыблагъэ щекIуэкIащ нэхъыжьыфIхэр щагъэлъапIэ зэIущIэ дахэ. Ар къыщэрагъэпэщащ къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ Анзор и жэрдэмкIэ. Зэхьхьэ гуапэм къырихьэлIат гъащIэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ, нобэрей щIэблэм щапхъэ яхуэхъу, чэнджэщэгъуу яIэ нэхъыжь Iумахуэхэу 100-м нэблагъэ.

ПШЫХЬЫР къызэIуахащ уэрэджьыкIуэ Жылэ Анзор игъэзащIэ «Хьэтуей» уэрэдымкIэ. Адэкlэ утыкум кърагъэблэгъащ Лэскэн район администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **АфIэунэ Мухьэдин**.

- Жэпуэгъуэм и 1-м ди къэралым щагъэлъапIэ Жьы хьуахэм я дунейпсо махуэр, - жиIащ Афlэунэм. - Ауэ, хабзэ дахэ хьуауэ, а махуэр мазэм хуагъэкIуауэ нэхъыжьхэм яхуэгъэзэа Iэхуфl куэд ирагъэкIуэкI. Апхуэдэ зы зэхьхьэ нобэ фи къуажэм дыкъэзышари. Абы теухуауэ Лэскэн щIыналъэм и адрей жылэхэми Iэхъугъуэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкIащ. Пэжыр жысIэнщи, си гур хигъахьуэу мыбы ёщхь зэIущIдахэ зэи сриихьэлIакъым. Мыпхуэдизэ нэхъыжьыфIзуэ зэхуэпшэсу бгъэлъэпIэным, абыхэм я пщIэмрэ я щIыхьымрэ щIэблэм деж къыщыпIэтыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хьэтуей Iэхъу гуэр щекIуэкIыу район администрацэм и лIыкIуэ къэкIуэн хуей щыхъуакIэ: «Хьэтуейр фIыуэ зыпIэагъур Мухьэдинщи, ар ирекIуэ», - жаIэ. Пцы хэлъхьым, фи къуажэр фIыуэ солъагъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэлъ цIыху дахэхэр дэсщи. Сыт и уасэ нобэрей зыхьхьэр?! Фэ нэхъыжьфIхэр фызыдэс къуажэр, шэч хэмылъу, жылэ махуэщ. НэхъыщIэхэм я гугъэщ езыхэр зэи жьы мыхъуну, нэхъыжьхэр зэгуэр щIалэу щымытауи къащохьу. Нобэрей нэхъыжьхэми зыхэпсэукIа зэманым декIуу щIалэгъуэ дахэ яIащ, абы теухуауи ягу къагъэкIыжьыни я мащIэкъым. Зы цIыху гъащIэ гъэзэгуанэ дыкърикIуащ, Iэхъу щхьэпэ куэд зэфIэтхаху ди щыбагъ къыдэлъщ, жьпIэнурамэ, дызэплъэкIыжмэ, дызэрыгушхэн диIащ. ЗэрыжаIэу, дунейр гъэзэрыгъэ щэнтщ. Тхьэм къыпхуэзэпищэмэ, дэтхэнэри жьыгъэм нэсынущ. Ди нэхъыжьыфIхэ, иджыри илъэс Iэджэкlэ нэхъыщIэхэр вгъэгуфIэу, абыхэм чэнджэщ щхьэпэкIэ сэбэп фахуэхъуфу, фи теплъэкIэ, фи щытыкIэкIэ щапхъэу фыщыту Тхьэм фигъэпсэу! Фи къуажэ унафэщIым Теухуаеи псалъэ жысIэну сыхуейт: Дзыхьмыщ Анзор и Iэхъуущ Iапт Iэм и ущхьэм псы къыпхьыкIырт, бжэ, щхьэгъубжэхэр, бжьэмийхэр жьы зэрыхъуам сымаджэхэри лэжьакIуэхэри зэгъусэу гугъу иригъэхьырт. Апхуэдэт пэш кIуэцIхэри, унэм и Iупльапэхэри. Ауэ, а псори зэрагъэзэхуэжьынурэ сымаджэщым и теплъэри екIуу къагъэщIэрэщIэжьынущ.

Iужьыр

Къэщкъэтау жылагъуэм щекIуэкIащ политикэ зэхэзехуэм и лей зытеХьахэм ятеуху пэкIу.

КЪАТЩТЭМЭ, мы жылагъуэм щыщу цIыху 350-рэ хилъбыдащ 1929-1930 гъэхэм къэралым зэриихьа залымыгъэм. Абыхэм я къэщщхьэхэр къэпсыхьэужьыным теухуауэ лжьхьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ветеранхэм я куэдж Советым и унафэщI Уянаев Виктор. Район, къуажэ administрацэхэм, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIуу зэIущIэм кьекIуэIа лIыкIуэхэм ягу къагъэкIыжащ лажьэ ямыIэу ягъэкIуэда цIыху хейхэм я гъащIэмрэ я кьекIуэкIыкIамрэ, тепсэлъыхьащ ахэр гъэзэжуэжным теухуауэ ящIамрэ иджыри къапэщыт къалэнхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хабзэ дахэхэр зыдэлъ Хьэтуей жылэжь

● Пшыхьхэр

кIащ Хьэтуейр, зыдэпльиен нэхъыжьыфIи зэрыгушхуэн нэхъыщIэфIи иIэу. ЖаIаехэм къыззрыхэщащи, зауэм лIыхъужьыгъэ щызэзыхьаэр ди мащIэкъым. Си сабиигъуэм щыщ зы тепльэгъуэу си нэгум щIэтщ Нало Ахьмэдхъан, Дзыхьмыщ Батыр, Былымгъуэт СультIан, Къанщыкъуей Узыхуд сымэ орденыбгъэу зэуам къикIыжу къызэрыкIуэжауэ щытар. Къуажэм тхьэлъIу, хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIыу джэгу зэхашамэ, щIалэ цIыкIухэр утыку дыкъыхьэрти, «Ахьмэдхъану дыкъофэ» е «Узхьиду дыкъофэ» жиIэу дитт. Абы кIыкIыр абыхэмкIэ дызэрыгушхуэрт, дззрыдэплъейрт. Иджыпстуи нэхъыщIэхэр зи жьауэм щIэтын нэхъыжь Iущхэр иIэщ Хьэтуейм, дызыгъэгуфIэн щIэблэ куэд къытщIэкъуэну сохъуэхьуэ. Къуажэм нобэрей и зыужьыныгъэр зыдэтлъагъур абы и унафэщI щIалэм, Дзыхьмыщ Анзор и дежщи, адэкIи уи Iэхуэхэр ефIэкIуэну си гуапэщ, жылэ махуэ, узынщэ Тхьэм дищI! - жиIащ республикэм и Спортым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, «Хьэтуей» ассоциацэм и тхьэмадэ, **Къуэдзокъуэ Анатолэ**.

Пшыхьым кърагъэблагъахэр ирагъэплъащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъуэва «Псэлъыхьуэр» спектаклым.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и Нэхъыжьхэм я советым хэт Бищlо Юрэ артистхэр къаззрыхуеблэгъаныкIэ фIыщIэ яхуищIащ, ягу дыхьэ ролхэр ягъэзащIэу куэдрэ утыку итыныр ехьэхъуащ. Дзыхьмыщ Анзор театрым тыгъэ хуищащ Хьэтуей жылэм и тхыдэм теухуа, Нало Зуй и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъэмрэ саугъэтрэ.

- Си лэжьыгъэкIэ сэ къуажэхэм сапыщIауэ Iэхъу ядызощIэри, мыпхуэдэ зэхэтыкIэ дахэ куэдым щысльэгъуакъым, - жиIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и администратор **Ащхъуэт Заретэ**. - Гуапэгъэр, хуабагъэр щытепщэ зэхьихьэ екIум кьеГъэлъагъуэ хабзэ зыдэлъ жылэу фызэрыщытыр. Къуажэр гуфIэгъуэкIэ Тхьэм куэдрэ фызэхигъэхь!

Бищlо Мартин и унагъэр зи къуажэр зыгъэльапIэ нэхъыжьхэм къаззрыхуэупса торт дахэр Бищlо Рае зэпиупщIащ, хъуэхъу дахэ жиIэу, зэхьихьэр къызэрэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзыльха псоми псалъэ гуапэкIэ захуигъаззу.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Лъакъуэдыгъу Тимур, пшыхьыр ягъэдэхащ Хьэтуей къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и къэфакIуэ цIыкIухэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Иорданием щыпсэу адыгэхэм я мэкъумэш щІэкІэр (1878 - 1978 гъэ.)

Пщыгубжь Мухьэмэд-Хъер Хьисэ и къуэр

Нобэ фэдгъэцІыхуну тхьамадзр 1944 гъэм Иорданием щыщ Уадисир къалэм къыщалъхуащ. ЦІыхубэ коммуникацэмкІэ магистрщ; философиемрэ психологиемрэ, инджылызыбзэмрэ инджылыз литературымкІэ бакалаврщ.

Мухьэмэд-Хъер лэжьащ инджылызыбзэмкІэ егъэджакІуэу (1962 - 1978); Иорданием инджылызыбзэкІэ щат хъыбарыщІэ Іэнатіэм и нэхъыщхьэу (1978 - 1989); Иорданием Щэнхабзэмкіэ и министерствэм щыщ къудамэм и учафэщІу, а Іуэхущіапіэм и тхьамадзм и къуэдзэу (1990 - 1992), къэрал тхылъ хъумапіэм и архивым и тхьамадзу (1992 - 1999).

Пщыгубжьыр Амман дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьамадзм и къуэдзэу, «Зэкъуэшынысгъэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхм ятеухуауэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкІащ. Дызэрыт зэманым Мухьэмэд-Хъер Уадисир къалэ Хасэм щІыхь иІэу хэтщ. 1986 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъарым къеблагъри, адэжь щІыналъэр зригъэлъэгъуащ. Пщыгубжьым и Іэдакъэ къыщІэкІащ фи пащхьэ къитпхъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Хьэрпыбдзэм къизыхар Къул Исамщ.

Щыпіэр	Адыгэхэр	Шэшэнхэр	Я щы Іыхьэр
Амман	1700	-	Дуным 7000
Уадисир	2000	-	20000
Джэрэш	1500	-	2000
Нэхьыр	500	-	7000
Сыуелыхь	150	400	3000
Заркъэ	-	200	1000
Русейфэ	-	150	2000
Сухьнэ	-	100	6000

XIX лІэщыгъуэм и ещанэ Іыхьэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и къарум хэщІу щІидзат. 1877 гъэм Плевнэ деж щекІуэкІа зауэм къыхихнэжа щыІэтэкъым Урысейм пщІэта тырку армэм. Аращ и щхьэусыгъуэр иужьрейм Балканым и адыгэхэр къришыжьын щыщІидзам. Тыркум къигъэса нэужь, ахэр хуэм-хуэмурэ щІыналъэм щызэбригъэкІырт: нэхъыбэр Анадолэм щигъэтІысащ, къэнар Сирием игъэІэпэхъуащ, абыи зы Іыхьэ къришыжри, Иорданием иригъэтІысхьащ.

Иорданием къэса ялэ гупыр «Гавалэ» тырку кхъухь тедзапІэм къыщежьа цІыху 3000-м ящыщт. Ар къыщыхъуар 1878 гъэм и гъатхэпэ мазэрщ. Ахэр зэрыса кхъухьым здиунэтІыр Сирием и Латакие кхъухь тедзапІэрт. Ауэ махуэ кхъуэхь хьуауэ гъэгу тету, ахэр Кипр и гъунапкъэм хуэзэ Фамагустэ портым нэблагъэуэ, кхъухьым мафІэ къыщІэнэри, исахэм ящыщу адыгэ 500 хокІуадэ. Хэт мафІэсым хесхьэ, хэт Іугъуэм, хэти псым итхьэлэ. МафІэсым къелахэр ялэ щыкІэ Палестинэм хыхьэ Аккэ къалэм ирашалІэ. Абы къыдашыжри, Наблус дагъэтІысхьэ. Абы мазэ заулкІэ дэса иужькІэ, Амман къагъэлэпхъуэ.

Нэхъыбэм Палестинэм ягъэзэж, я щыпІэщІэр ягу иримыхьу. ЩІыуэпсым зэремызэгъым къигъэхъеи уэ бзаджэхэрат абы и щхьэусыгъуэр. 1879 гъэм гъатхэпэм и кІэм Палестинэм щыІа шотланд щэныгъэлІ Олифант Лоуренс «The land of Gilead» тхылъым щытопсэлъыхьх: «ДыкъэкІуэным мазищ ипэжу, 1878 гъэм адыгэ 500 Амман къэсат. Ауэ нэхъыбэм, я хэкущІэр ягу иримыхьу, ягъэзэжакъэщ, цІыхуи 150-рэ фІэкІа къэмынэу. Амман щыгІысахэм уни псэуалъи яІэтэкъым, урымкэм хъащІэна ухуэныгъэ зэхэхъутахэм хэсхэт, хадэжкІ, щхьэуантІагъэ гуэрхэр хасауэ, мэл, жэм тІэкІуи зэрахъуэ».

КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэми адыгэхэр гуп-гупу къэІэпхъуэхэурэ Джэрэш (1891), Нэхьур (1901), Сыуелыхь (1905), Русейфэ (1909) дотІысхьэ. А щыпІэхэр Амман пэгъунэгъуц, километр 50-кІэ пэІэщІэ Джэрэш нэмыщІ. Абдежьми адыгэхэм я къэІэпхъуэ Іуэхур къыззэтоувыІэ. И кІэ дыдэм хиубыдахэр ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и ужькІэ къэкІуа мащІэрщ.

Нобэр къыздэсым адыгэу Иорданием къэІэпхъуэхэм я бжьыгъэр нэсу къахутакъым. Доктор Абу Джабир Рауф мыр жеІэ: «ХэкущІэ ухуэным и лъэныкъуэкІэ бжьыгъэ нэс зэрыдимыІэм, Іуэхур зэрызэтеувамрэ абы епха хъыбархэмрэ зэрыдмыщІэм къыхэкІыу, ЕпІэ дунейпсо зауэм ипэкІэ екІуэкІахэм теухуа дэфтэр зэдгъэпщынкІуэ гугъу мэхъу».

«Ауэ адыгэрэ щэшэну Иорданием къэІэпхъуэхэм я бжьыгъэ зэхэлъ итщ Лукрэ Китрохрэ я тхылъу «Палестинэмрэ КъуэкІыпІэ Иорданиемрэ» жыхуиІэм. *(Luke and Keith-Roakh, «The hand book of Palestine and Trans Jordan»).*

Псори зэхэту адыгэхэр 5850-рэ; щэшэнхэр 850-рэ мэхъу. ЩІыуэ яІыгъыр зэхэту дуным 48.000-м нос. *Дуныморэ* - метр зэбгъуэзнатІэ 1000 ирокъу.

Мы бжьыгъэхэр къыздрихар тхакІуэм итхыркъым, ятеразуэ. ЕтІуанэу, Русейфэм епха бжьыгъэхэр щэшэнхэм яхуихь щхьэкІэ, ахэр пэжкъым, а къуажэм щэшэнхэр зэи щытІысакъым.

Нэмыцэ бзылъхугъэ Фреер А. Гудрих етх: «Амман дэс адыгэхэм я бжьыгъэ 10000-м нос». Ар мы щІыпІэм 1903 гъэм къэхутакІуэ къэкІуауэ щытащ. Ауэ франджы тхакІуэхэу Гасанрэ Саминакрэ зэрыжаІэмкІэ: «Адыгэхэм я бжьыгъэр зэрыхъур 1800-щ». «Иордание» зи фІэщыгъэ абыхэм я тхылъыр къыщыдэкІар 1912 гъэрщ.

Адыгэхэм блэкІа лІэщыгъуэм Иорданием зэриса зэманым и ялэ Іыхьэ пІанэр тыншу щытакъым. ТхьэмыщкІагъэмрэ лІэныгъэмрэ ищІыужкІэ бэлыхь куэд ягъэващ, хэку къыздэрыхьам и щыІуэпсымрэ псэукІэщІэ зыхэхуамрэ есэхукІэ. Гъуэгу зекІуапІэхэри гугъут, уз бзаджэхэри щыкуэдт, щІыналъэщІэм и хьэрып губгъуэрысхэри кьезауэрт. Иужьрейм и щхьэусыгъуэу къэпІытэтэ хъунухэр:

1. ЛъэпкъкІэ, фащэ-щыгъынкІэ бедуинхэмрэ адыгэхэмрэ зэрызэхуэмыдар, я бзэхэр зэрызэтемыхуэр;

2. Адыгэхэм къаІэрыхьа щІыхэр ахэр къкІуэн илэкІэ а губгъуэрысхэм Іэщ гъэхъупІэу зэраІар;

3. Псынэхэр зэпэубыдауэ зэрыщытар, хьэрыпхэм я Іэщым ирырагъэфын псыр хэаймэщІэкІ зэрыхъуар;

Доктор Гъэуанмэ Юсуф абы теухуауэ жеІэ: «Хьэрып губгъуэрысхэу Балъкъари лъэныкъуэмкІэ исхэр адыгэхэм къажьэхуэу, лей кърахьыу, кьезауэу щыхуежьэм, адыгэ псоми Іэщэ хъыздрахьэкІыу щІадзат, я щхьэ ирырахъумэжыну. Зэрэ-тІэурэ фІыуэ зэхэуахэщ. Адыгэхэм я лІыгъэрэ я къарукІэ хьэрып губгъуэрысхэр ирагъэкІуэрэ, ауэ, иужькІэ щІыхь кьыхуащІу къаублащ.

ЛъэныкъуитІым щыщ куэдым я псэкэр зыхалъхьа, 1904 гъэм къэхъуа зауэм щІондэ, адыгэхэм я псэукІэщІэкІэр зэфІыхьакъым, езыхэмрэ бедуинхэмрэ я зэбгинысгъэр щызэтеувыІар абы и ужькІэщ».

А гъэм Амман пэгъунэгъуу Балъкауие зауэр - адыгэхэр Баланым иса хьэрыпхэм щытекІуар - екІуэкІащ. КъапэщІэуба бедуинхэр «Бэни сэхьр» жыхуаІэ нэгъуэщІ зы хьэрып лъэпкъым ебийхэти, адыгэхэм иужьрейхэр дамэгъу къащІри, псэупІэ къезымыт гупыр ирагъэкІуэтауэ щытащ.

Уейтмэн Джон а Іуэхугъуэм щытопсэлъыхь «Адыгэхэр» *(«The Circassian»)* жыхуиІэ и тхылъым: «1904 гъэм Балъкауие зауэр адыгэхэм я Іуэху кьиззрикІынкІэ зэтеувыІащ, адыгэхэм губгъуэрыс хьэрыпхэу *хьадидхэмрэ* абыхэм къагухьа хьэрыпхэмрэ кьагъэІурыщІэри, езыхэр зэрыхуейм хуэдэу къагъэшъэпэфащ».

Мыбдежьми нахуэ дыдэу къыщолъагъуэ адыгэхэм стратегие и лъэныкъуэкІэ Іэзагъ къызэрызыкъуахар: гупгупу гуэша хьэрыпхэм я зэхуаку дэлъ зэбгинысгъэр къагъэсэбэпри, езыхэм яхэлъ зэхэтыкІэ дахэмкІэ ягуэхэр кьахьэхужащ. Абы иужькІэ зауэ-банэ къэхъеижакъым, закъуэтІакъуэхэзрэ фІэкІа. НобэкІэ зэбгинысгъэ къызэхэкІын щхьэусыгъуэ зэрыщымыІэжым кьыхэкІкІэ, лъэпкъитІыр зэсахэщ, щІыхь зэхуащІу, зэгурыІуэ я зэхуакум дэлъщ.

Адыгэ мэкъумэш щІэкІэм Иорданием зэрызыщиужьар

Ялэ лъэхъэнэ

XIX лІэщыгъуэм и кІэм Иорданием изэгъэн Іуэхур адыгэхэм я деж щыізэтеувауэ жьпІэ хьунущ. А зэманым Сирие щІыналъэ псом я мэкъумэш щІэныр, щІым елэжьын Іуэхур, «хэкІуэдэжащ» хужьпІэн хуэдизу дэхуэхат. Абы и щхьэусыгъуэр тхакІуэхэу Сулеймэн Мусэрэ Мунив Маддийрэ къагъэлъагъуэ:

1. А зэманым хэгъэгухэм ней-нэфы-гъэмрэ феодализмэм щытепщэрт;

2. Тепщэкэр щІэк-щІэхыуэрэ яхъэжьырт, зэкър зэрахьэным я акъылыр трауэхуэным хунэмысу;

3. Мамырыгъэ щымыІэу, губгъуэрысхэр дэнэ лъэныкъуэкІи къащытеуэрт;

4. Ахъшэмрэ лэжьакІуэхэмрэ мащІэт;

5. МэкъумэшыщІэхэм кьрат улахуэм куэд хагъэхьырт, Іуэхум упэрыхьэнми уасэшхуэ тельт;

6. Хэгъэгухэм зэрыхь-зэриишхуэхэр къыщыхьейрт, гъэгухэр зэпэубыдат;

Мэкъумэш щІэным зэрызиужьа щІыкІэр Іыхьишу дгуэшынщ. Сэ сызэрепІыымкІэ, ар адыгэхэр зэкъум кьихьэу щытІысам деж къыщуублэри, лІэщыгъуэ блэкІам и блыщІ илъэсхэм нос.

Мы хэкур зззыгъэщІыхуауэ щыта Робинсон Лис зэрыжиІэмкІэ (Lees Robinson, «Life beyond Jordan»): «Адыгэхэм Іэщэфащэу, Іэмпіэу, Іэмэпсымэу яІахэр мащІэ-фащІэт. Іэщэу зэрахьэр кьамэрэ сэшхуэрэт. Хуэмурэ я псэукІэщІэр зэрызэфІагъэхьэным, зэраухуэным егупсысу щІадзащ. Зэрылажьэр езыхэм ящІыжа пхъэІэщэт, я мэкъумылэр къызэрахьыжьи, зэраІуэжьи Іэмэпсымэу зэрахь псори къызыхэщІыкІар пхъэт, ахэр ящІын папщІэ кьагъэщхьэпэри езыхэм къызэдахьа тІэкІурат».

Адыгэхэр яфІэщу гуэдз-хьэ ягъэкІыным иужь итахэщ. Амман псыхъуэм и Іуфитім пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІрэ щагъэкІыу, Іэщ-быльм, шы, джэдкъаз щагъэхъуу щІадзащ. Доктор Абу Джабир абы теухуауэ етхьэж: «Мы къытхьхьагъащІэхэм мэкъумэш щІэнымкІэ я лэжьыгъэфІхэмрэ я щІэныгъэфІэкІэ я цІэ Іуащ. Болгархэм щахэсами, я адэжь хэку Кавказым щисами, мэкъумэшым фІыуэ щелэжьу зэрыщытам къыхэкІыу, адыгэхэмрэ шэшэнхэмрэ мэкъумэшми, Іэщ гъэхъунми губзыгъэу бгъэдэтщ. Абдежи къыщымынэу, нэгъуэщІ Іэщагъэхэри яІэщи, а псори къагъэсэбэпурэ мэлажьэ, афІэкІа хэкІыпІэрэ псэупІэрэ яІэкъым. Сату Іуэхум адыгэхэм я деж зыщиужьакъым». Аргуэру кьыпещэ: «Адыгэхэм ягуэ я щхьэрэ нэхъ зэтауэ зэлэжьыр щІырщ. Ахэр лэжьакІэ нэсщ. Я хъэсыгъэмрэ я Іэмэпсымэмрэ зэрымащІэм къыхэкІыу, тыркуэр къадоІэпыкъу».

Бзылъхугъэ хэхуэтакІуэ Годриш Фреер (Freer A. Goodriech, «In a Syrian saddle») жиІэгъат: «Зы лІэщІыгъуэ пІанэм и кІуэцІкІэ адыгэхэм щыІалъэу щыпсэуахэм я щытыкІэмрэ щІы щхьэфэмрэ яхъуэжащ. Псоуным егъэлеяуэ иужь итхэркъым, мэкъумэш щІэнымкІэ щІэныгъэ-Іэзагъэ яб-гъэдэлъэ». Аргуэру кьыпещэ: «ГурыфІыгъуэ кьыуат, гугъуехьри пщегъэгъупщэ абыхэм жыг хадэхэмрэ хадэхэкІэхэмрэ псы жанІэ Іуфэхэм екІуэкІыу зэрыхасэм, хасэр кьыззэрырахьэлІэжьым. Аммани, Джэрэши, щыпсэу нэгъуэщІ къуажэхэми аращ щыпІыгъыр».

Бедуинхэмрэ адыгэхэмрэ щызэриГъапщэкІэ, Фреер кьыщІегъу: «Адыгэхэр бедуинхэм ещхьыкъым. Япэрейхэмлэжьыгъэр нэхъыфІу ялъагъу, я унэпсэуалъэхэр фІыуэ зэрахьэ, къуажэу зэхэтхэщ. ІуэхугъуэщІэ къыщыхьалъхьэкІэ, гукъэкІыфІрэ тегушхуэныгъэрэ кьызыкъуах, хабзэ щхьэхуэхэр унейуэ яхэлъщ, зэрахьэ мэкъумэш Іэмэпсымэхэри нэхъыфІщ... Лэжьэным нэхъ хуэІэзэу зэрыщытым кьыхэкІкІэ, я псэуалъэхэр блынкІэ къащІыхь, гъэгуэхэр пхащ, я хадэхэкІхэм псыр нагъэсын папщІэ, псы жанІэхэр гъэщІэгъуэну къагупсыс, жыгхэр ягъэкІ».

А илэрей лъэхъэнэм адыгэхэм кьрата щыІэхэр кьыззэралъытэр къэралыгъуэм ейуэт. «Уэсмэн къэралыгъуэм и хабзэм ипкъ иткІэ, - етх Уейтмэн абы теухуауэ, - ялэу къэІэпхъуа адыгэхэм кьрата шыгур езы къэралым ейт, абы ипэкІэ цІыху темызэкъыхьауэ, зыри щыхамысауэ. Абы налог тралъхьэртэкъым».

Гулытэнэшэу а Іуэхугъуэр щыІэнакъым доктор Абу Джабири: «Ялэу къэІэпхъуахэм щІыр щытраугуашэм, лъэпощхьэпо кьыхэхуакъым. Унагъуэ кьэс зыхуеину щІыр кьыІыысащ».

Ауэ илъэс тІощІ блэкІыу адыгэхэм я бжьыгъэм щыхэхъуэм, ящІхэр яримыкъуж хъуати, 1890 гъэм ар зэрагъэшынэу щыкІэм теухуауэ унэтІыныгъэщ кьыхалъхьат:

1. Іыхьэ нэхъ цІыкІу дыдэр дуным 60-м нос;

2. Ику ит Іыхьэр - дуным 90.

3. Іыхьэ нэхъ ин дыдэр дуным и 120-м фІэкІыркъым;

А щыкІэм тету щІыр ягуэшащ, дэтхэнэ зыми щІы къыІэрыхьам и дэфтэр ирату.

Ауэ нобэр къыздэсым насыпыншагъэшхуэу кьокІуэкІ Амманрэ нэгъуэщІ щыпІэхэу адыгэхэр зыдэтІысхьахэмрэ щхьэж къыщыІыса щІыр наІуэу кьэззыгъэлъагъуэ дэфтэр зэрамыгъэтыжыр. Уеблэмэ, зэлэжьу щата щІым и инагъыр зыми ищІэжыркъым. Шэч зыхэмыльыр зыщ - ар дуным 800-м фІэкІыртэкъым, сыту жьпІэмэ, лэжьакІуэхэр мащІэт а зэманым. А бжьыгъэм щыхэхуэр 1900 гъэрщ. А илъэсым я щІы Іыхьэхэр яхуримыкъуж хъуати, щыщІэ къащхъуауэ щытащ. Апхуэдэурэ XX лІэщІыгъуэм и илъэсхэм я ипэрей илъэсипщІым Уадисир дэс адыгэхэм я щІыр дуным миным нэсауэ щытащ, Нэхьур дэсхэм ейр зэрыхьур дуным 340-рэт.

Адыгэхэр щІым зэрелэжьу щата Іэмалхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ

Адыгэхэр щытІыса щІыпІэ псоми псынэхэр щыкуэдт. Доктор Абу Джабир етхьэж: «Уэсмэн къэралым и унафэщІхэмрэ адыгэ тхьамадзхэмрэ Іущыгъэ-Іэзагъэшхуэ хэлъу псынэхэр щыкуэд щыпІэхэр кьыхахат. А псынэхэм я фІагъ кьекІащ адыгэхэм я щІыкІэ-псэукІэми, мэкъумэш щІэнми. Абы адыгэхэм быдагъэр тегушхуэныгъэрэ кьаритырт, Іэщхэр, хьыхэри яхэту, зэрахуэфырт, абы и щхьэкІэ гъэшымрэ лымрэ яхуэбагъуэрт».

НэгъуэщІ тхылъым щетх а тхакІуэ дыдэм: «Мы щыпІэхэм мэкъумэшыр зэрыщащІэ щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ халъхьауэ аракъым адыгэхэм, атІэ щІэныгъэщІэрэ технологиещІэрэ ирахьэлІауэ аращ. Абы бэшэчыгъэр хэплъхьэжмэ, ахэращ кьызыхэкІар мэкъумэш лэжьыгъэр зэрефІэкІуар, нэхъыбэ кьыпэкІуэу зэрыхъуар».

Шэч хэмылъу, мыбдежьми доктор Абу Джабир зи гугъу ищІыр адыгэхэм зэрахуэ выгумрэ чэтэнымрэщ. Абы теухуауэ Грай Хилл, 1880 - 1890 гъэхэм мы щыпІэхэм кьакІуэу зыщиплъыхьа нэужь, илъэсгуакъэр итхьжащ: «Амман адыгэхэр кьыщытщІыхуащ. Хьэрыпу дэсыр ней-нейуэ еплъэрт щэрхъ быдэ зыщІэт абыхэм я выгу зэщІэщІахэм. Ахэр яГъэщІагъэрт, яфІэтельыджэт. ИпэкІэ апхуэдэ я щыпІэм зэрыщамыльэгъуар Іупщт». Робинсон Лиси 1890 гъэм Амман кьакІуэу выгу зэщІэщІахэр илъэгуа нэужь, жиІащ: «Мы хэкум пхъэхьэнэщІэ кьыщиублащ».

ЕтІуанэу Абу Джабир гу зылъитар адыгэ вабдзэр арауэ кьыщІэкІынщ. ИпэкІэ зэрахьэу щата вабдзэм еплъытмэ, ар фІыуэ нэхъ зэгъэпэщат, урвезнкІи нэхъ нэст. Ар кьыщыхощ капитан Кондор 1872 гъэм, адыгэхэр мы щыпІэм кьэкІуэн ипэ итха «Tent work in Palestine» тхылъым. «Илэрей вабдзэхэр щІы щхьэфэм нэс кьудейт, щыгулъым и фІыпІэм лъэмыІэсу», - щыжиІэ и тхыгъэм Кондор. Абы къеГъэпсыгъуэ адыгэхэр а щІыпІэм итыс-хьэн ипэ мы щыналъэм гъущІ вабдзэр щацІыхуу зэрыщымытар.

Сулеймэн Мусэ, «Иорданиемрэ Палестинэмрэ зыплъыхьакІуэ сызэрыщыІар» тхылъым ипэкІэ къэІэпхъуа адыгэхэмрэ хэкум иса хьэрыпхэмрэ зэрилъытурэ, щыжеІэ: «ХьупІэ къудейуэ кьекІуэкІа мы щыпІэхэм адыгэхэм мэкъумэш щІэным зыщагъэужьащ. Абыхэм гъавэмрэ хадэхэкІхэмрэ зэрыхасэри хэкурысхэм ейм кьыщыхьащыкІырт, я Іуэху зехьэкІэм нэхъ зиубгъуауэ, зиужьауэ зэрыщытыр нэрылъагъут».

Дауэ хъуами, адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ мэкъумэш щІэным теухуауэ щІэныгъэкІэ зэдзэгуэшэну Іэмал щыІэтэкъым а зэманым, иджыри зэпыщІэныгъэ щІагъуэ яІэу зэрыщымытыр нэрылъагъуэ.

Дауэ хъуами, адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ мэкъумэш щІэным теухуауэ щІэныгъэкІэ зэдзэгуэшэну Іэмал щыІэтэкъым а зэманым, иджыри зэпыщІэныгъэ щІагъуэ яІэу зэрыщымытыр нэрылъагъуэ.

1. Мамырыгъэм нэхъ зиубгъуэн щІидзащ.

2. Адыгэхэм хьэрыпыбзэ зэрызрагъэщІын щІидзащ.

3. Зэхуэдэу муслъымэн диныр зэрызэрахьэр фІыкІэ къахэІэбащ.

4. ЛъэныкъуитІымкІи щІэныгъэ, щэнхабзэ зызыужьа зэхуэдизкІэ зэрыщыкІыртэ, я Іуэху зехьэкІэм нэхъ зиубгъуауэ, зиужьауэ зэрыщытыр нэрылъагъут».

Дауэ хъуами, адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ мэкъумэш щІэным теухуауэ щІэныгъэкІэ зэдзэгуэшэну Іэмал щыІэтэкъым а зэманым, иджыри зэпыщІэныгъэ щІагъуэ яІэу зэрыщымытыр нэрылъагъуэ.

1. Мамырыгъэм нэхъ зиубгъуэн щІидзащ.

2. Адыгэхэм хьэрыпыбзэ зэрызрагъэщІын щІидзащ.

3. Зэхуэдэу муслъымэн диныр зэрызэрахьэр фІыкІэ къахэІэбащ.

4. ЛъэныкъуитІымкІи щІэныгъэ, щэнхабзэ зызыужьа зэхуэдизкІэ зэрыщыкІыртэ, я Іуэху зехьэкІэм нэхъ зиубгъуауэ, зиужьауэ зэрыщытыр нэрылъагъут».

Дауэ хъуами, адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ мэкъумэш щІэным теухуауэ щІэныгъэкІэ зэдзэгуэшэну Іэмал щыІэтэкъым а зэманым, иджыри зэпыщІэныгъэ щІагъуэ яІэу зэрыщымытыр нэрылъагъуэ.

1. Мамырыгъэм нэхъ зиубгъуэн щІидзащ.

2. Адыгэхэм хьэрыпыбзэ зэрызрагъэщІын щІидзащ.

3. Зэхуэдэу муслъымэн диныр зэрызэрахьэр фІыкІэ къахэІэбащ.

4. ЛъэныкъуитІымкІи щІэныгъэ, щэнхабзэ зызыужьа зэхуэдизкІэ зэрыщыкІыртэ, я Іуэху зехьэкІэм нэхъ зиубгъуауэ, зиужьауэ зэрыщытыр нэрылъагъут».

Инджылыз кхъухьлъатэм бгъэдэтхэщ адыгэ зауэлІыр, хьэрып губгъуэрысыр, Британием щыщ офицерхэр. *Амман, 1922 гъэ*

Иорданием и щІыуэпсыр вэн-сэным зэрезэгъыр

Адыгэхэм я мэкъумэш щІэным ущытепсэлъыхьым деж, Иорданием и хьэуам и щытыкІэр гулъытэншэу кьэбгъанэ хъунукъым. Мы щынапІэм щІыуэпсыр хы Хужьым (Срединземнэ) кьриху жьым куэдкІэ елъытащ. КьуэхэпІэмкІэ е ипщэ кьухьэпІэмкІэ жьыр кьыщыкъуоури, абы и бахьэ хуабаем къуэкІыпІэмкІэ щыІэ губгъуэ пшахъуэщІэр кьеГъэщІыІэтыІэ. Доктор Абу Джабир зэритхьымкІэ, щыІагъхуабагъ елъытакІэ гъэр мыпхуэдэ щІыкІэу егуэш:

1. ЩІымахуэр: епщыкІуэнэ мазэм щеублэри, ещанэ мазэм икуэм нос.

2. Гъатхэр кІэщІщ, ещанэ мазэм икуэм щеублэри, етхуанэ мазэм икуэм нос.

3. Гъэмахуэр гъущэщ, хуабэщ, градус 40-м нос. Абы еГъуанэ мазэм и кІэм нэс зеукъуэдий.

4. Бжьыхьэр кІэщІ дыдэщ, епщІанэрей мазэм щеублэри, епщыкІуэнэ мазэм икуэм нос.

Уэшх хъешыныр епщыкІуэнэ мазэм къеублэри, еплІанэ мазэм щеух. Уэшх-уэсыр щынэхъыби щынэхъ мащІи кьохьу, XX лІэщІыгъуэм и иужьрей Іыхьэм уэшхынщэу гьей бжьыгъэ екІуэкІащ. Уэсым и гугъу пщІымэ, зэрыщыуэди щымащІи кьохьу.

Адыгэ мэкъумэшыщІэхэр я лэжьыгъэм щыпэрытым деж, уэшх-уэсым тещІыхьауэ лажьэхэрт, мэкъумэшым псы щІагъэхьэу щытахэкъым, ящІхэри щІыфІтэкъым, Русейфэм пэгъунэгъу псы Іуфитым Іулъхэм фІэкІа. ХадэхэкІ гъэхІыным и гугъу пщІымэ, илъэсым лэжьыгъэитІ ягъэзащІэрт: гъэмахуэм и еплІанэ - етхуанэ мазэхэм хуэзэу хъарбыз, фонащэ, нартыху, нащэ кьуанщи, захуи яГъэкІырт. ЕтІуанэр - щІымахуэ лэжьыгъэхэри Іыхьэ-Іыхьэу гуэшат.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Амман щыщ шапсыгъ мэкъумэшыщІэ. *1894 гъэ*

Сыуэлыхь. *1905 гъэ*

Ныбжьыщ Іэхэм гъавэр къашэж. *1902 гъэ*

Трансиорданием и эмирым къулыкъу хуэзыщІэ къэбэрдей шууейхэр. *1924 гъэ*

● «Гъуаздджэхэм я жэщ-2019»

Дэтхэнэми удихьэхырт

Налшык къалэм щэкIуэгъуэм и 3-4-хэм мы гъэ ебланэу щызэхэтащ «Гъуаздджэхэм я жэщ-2019» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ урысейпсо Iуэхур. Цыхубэ зэкъуэныныгъэм и махуэм ирихьэлIэу «Гъуаздджэм зэкъуегъэувэ» къыхуеджэныгъэм щIэту къызэрагъэпэща а зыхыхьэ дахэм мы гъэм Урысейм и щIыналъэ 85-рэ хэтащ.

ХАБЗЭ хъуауэ, «Гъуаздджэхэм я жэщ» зэхыхьэм ирихьэлIэу илъэс къэс къэралым, республикэм и музейхэмрэ театрхэмрэ, выставкэ, концерт залхэм, библиотекэ, щэнхабзэ клубхэм тхаклIэхэр, уэрэджьIакIуэхэр, художникхэр, артистхэр ирагъэблагъэуэрэ кином, театрым, макъамэм, сурэтыщI гъуаздджэм, литературэм теухуа зэIуплIэ гукъинэжхэр икIи щхьэпэхэр къыщыззрагъэпэщ. Ар къыхэзылъхьахэм я мурадыр къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэр гъуаздджэм и уиэгъныгъэхэр къагъэсэбэпу зэкъуагъэувэныщ.

ЗэIуплIэ гуапэр Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ гъуаздджэхэмкIэ музейм къыщызэIуахащ УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КЪБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ЩIДАА-м и академик КIыщ Мухьэдин и конференцэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэкIэ. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ сурэтIыщI цIэрыIуэр илъэс 80, ар и творческэ лэжьыгъэм зэрыпэрытрэ илъэс 60 щIикIуэм ирихьэлIэу. Сурэтыщ гъуаздджэхэмкIэ музейм и зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэм концерт-марафонкIэ щыпащащ «Чегемский родник талантов» фестивальм щытекIуахэмрэ абы хэтахэмрэ, КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ я лэжьыгъэхэм теухуауэ. КърихьэлIэхэм я нэгу зрагъэужьащ икIи гукъинэжу зыкъагъэлъэгъуащ Бозий Зураб и «Bozii Records» творческэ студиеи, Пlаз Аннэ и «Lo canto», Лий Иринэ и «Rirada» уэрэджьIакIуэ студиехэм.

Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм, Ныбжьыщlэхэм я библиотекэм, Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ Сабий библиотекэм Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм къыщызэрагъэпэщащ кинорэз театрыпсо ехьэлIа мастер-класхэр, тхыль гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэIуплIэ гукъинэжхэр, Цlыхубэ зэкъуэныныгъэм и махуэм теухуа тхыдэ дерсыр. Абыхэм щыщщ Шекспир Вильям и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа лекцэмрэ выставкэмрэ, «Отелло», «Двенадцатая ночь», «Укрощение строптивой», «Гамлет» документальнэ, художественнэ фильмхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр, нэгъуэщI-хэри.

Къэбэрдей уэрамым тет «Победа» киногъэлъэгъуэлIэм деж гъуазджэр фIыуэ зыIыгъу ныбжьыщlэхэм я зэфIэкIкIэр утыку къыщырахащ. Эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ Къзэанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ центрым, «Шэху уэздыгъэ», «Альтернатива» литературэ студиехэм, «Слово» театрстудием екIуалIэхэмрэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ хэрал институтым и студентхэмрэ удихьэхыу къеджащ нэхьыфIу ирагъэгу усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэм. Апхуэдэхэщ Барто Агние, Тхьэгъэзит Зубер, нэгъуэщI адыгэ усакIуэ цIэрыIуэхэм я усэ купщIафIэхэр.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгучьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым щагъэлъэгъуащ Кавказым и усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэм я ятеухуа фильмхэр. Музыкэ къэрал театрым и уэрэджьIакIуэхэмрэ абы концерт гъэщIэгъуэн щатащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

● Налшык къалэ

ЖыгыщIэхэм къахохъуэ

Налшык къалэ администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпсым и хъуГуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэмрэ я нэIэм щIэту жыгыщIэхэр хасащ.

ЗЫ ИЛЪЭСИ дэкIыркъым иджы хуэдэ бжьыхь лъэхъэнэм ди республикэм и къалэ кIуэцIкIэмрэ щIыналъэхэм я щIыпIэ щхьэхуэхэмрэ жыгыщIэхэр щыхамысу. Къалэ адміністрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз зэрыжиIэмкIэ, ди щыхьэрым зы жыг щрахыркъым, абы и пIэм жыгыщIэ ирамысэжу. Къапщтэмэ, къалэм мы махуэм республикэм и клиникэ сымаджэщым (Головко уэрамымкIэ и дыхьэпIэ нэхъыщхьэм къыщыщIэдзауэ Шортэным и уэрамым нэблагъэу) щыкIуртIым жыгыщIэу 50 сатыриц ирикIуэу щыхасащ.

Ахэр щIыкIу дыдэкъым, метрищым ныззорхьэс. Иджы абдежьыр лъэс лъагъуэ къудей мыхъуу, зи лъабжьэр удзыпIэ лъэс зекIуапIэ дахэ хъунущ. Мы Iуэхум хэтащ щIыхуи 100-м нэс. Псом нэхъ гуапэр унагъуэ куэд, я бынхэри я гъусэу, зэрылажьэрщ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр къащрахьэлIащ Александровкэ хьэблэм дзэ курыт еджапIэ №30-м и Iэгъэблагъэм. Абдежьэм щыхасар бзиихущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ПцIым фIым ухуишэркъым

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэшагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и управленэмрэ Урысей ФСБ-м и щIыналъэ управленэмрэ я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ унагъуэ хьэпшыпрэ, гъэсэныпхъэрэ гъэпщIагъэкIэ зэуIуу зыщэ уней Iуэхущlапlэхэм я зым мылъкуушхуэм пыщIа гъэпцIагъэ щызэрахьауэ.

ФИРМЭМ и унафэщIым шэч хуащI сом мелуан 31,7-м щIигъу хабзэншагъэкIэ зыIэригъэхьауэ.

КъыззрыщlагъэщамкIэ, уней Iуэхущlапlэм и унафэщIым 2017-2019 гъэхэм къэрал конкурс комиссэм щIильхьащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ зэрыригъэкIуэкIым субсидие кIуратыным теухуа лъэIу, предприятэм налог щIыхуэ зэрытемылъым теухуа хъыбар нэпцIи дэщIыгъуу. А дэфтэрхэм япкъ иткIэ Iуэхущlапlэм хуаутIыпщащ сом мелуан 31,7-м щIигъу ахъшэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и управленэм уголовнэ Iуэху кIэлъатащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Дыгъуакlуэм зеумысыж

2019 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м Налшык къалэмкIэ УМВД-м хъыбар къыIэрыхьащ республикэм и къалащхьэм дэт аптекэхэм я зым зэредыгъуам теухуауэ.

ЩIэПХЪАДЖАГЪЭР щалэжьа щыпIэм кIуа полицейхэм къыззрыжраIамкIэ, ямыцIыхуу цIыхухъум я кассэм сом 22 000-рэ иридыгъукIри, зигъэбзэхыжащ.

Налшык къалэмкIэ УМВД-мрэ Росгвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и ОМОН-мрэ я лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар Прохладнэ районым щыпсэу, илъэс 37-рэ эи ныбжь цIыхухъуэр. Абы илэжьакIэ зиумысыжащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтынущ.

Зыгъэхьэзырар **БАХЪСЭН Ланзщ.**

Щоджэн зэкъуэшхэм я зэпэщIэтынытъэ

● Футбол

Щоджэн зэкъуэшхэу Азэмэтрэ Борисрэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Черноморец» (Новороссийск) - 0:2 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 10-м. Цыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Волоколамск), Талаев (Грознэ), Магомедов (Мэхэчкъалэ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Б., КIэдыкIуей, Клышэ, Стригэ, Запалацкий (Белоусов, 76), Ольмезов, Хьэшыр, Салахетдинов (Машэжь, 67), Iэпщацэ, Ашу, Бацэ (Апажэ, 77).

«Черноморец»: Щоджэн А., Поникаров, Джамалутдинов, Ахмедханов, Черов, Захаров, Магомедов, Гаранжа, Шабичев, Чердынов, Матюшенкэ.

Топхэр дагъэкIащ: Матюшенкэ, 2 (0:1). Гаранжа, 47-пенальтикIэ (0:2).

ТХЬэМАХУЭ апхкIэ Владикавказ щыIэу «Алания»-м 0:8-уэ налшыкдэсхэр кьэзэрыхагъэщIар, дауи, лъэужьыншэ хъуакъым - «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщIхэ Трубицын Сергей и къулыкъум трагъэкIащ. А кьалэнэр пIалъэкIэ и пщэ иралъхьащ КIэбышэ Заур, зэрыхуэгъэфащэ хъунумкIэ зэхьэзэхуэр зэпэщIэнум къэнэжа джэгугъуитIым.

Владикавказ щыащыщIар ягу имыхуауэ ди щIалэхэм мы зэIуплIэри ирагъэжьащ. Джэгур щIидза Белоуэсэ арат «Черноморец»-м абы и гъуэм топ кьыщыдигъэкIам. ЗэIуплIэм еплъыну я кьэкIуэцIыху мащIэ дыдэми ар гущIыхьэ ящыхъуащ икIи къэтэджу занщIэу стадионым икIыжкаэри кьэхэкIащ.

0:1-уэ фIахьу ирагъэжьа джэгум «Спартак-Налшыкым» фIы лъэпкъ къыпимыгъаплъэми, абы зы щIэщIыгъуагъ хэлът. Ар Щоджэн зэкъуэшхэу Борисрэ Азэмэтрэ зэпэщIэува командэхэм я гъуэр зэрахъумэрат. Пэж дыдэуи, футболым куэдрэ ущрихьэлIэркъым апхуэдэ. Налшыкдэсхэм я капитан Щоджэн Борис сыт щыгъуи хуэдэу и Iэзагъ лъагэр мы зэIуплIэм къыщигъэлъэгъуэну ди гъуащхьэхъумэхэм ирахулIамэ, абы и къуэш нэхъыщIэ Азэмэт зэшыпауэ пхужьIэнущ - джэгугъуэ етхуанэ хъуауэ я хьэрхуэрэгъуэхэм топ яхудзэшымыгъэкIыф «Спартак-Налшыкым» и гъащхьэуэхэм ар зэрагъэпIейтея щIыхьэкъым.

Командэм и тренер нэхъыщхьэр щахъэжьэкIм и деж абы и футболистхэм къаруущIэ къызэкъуах хабзэщ, унафэщIыщIэм игу зрагъэхьын папщIэ. Ди жаIуэ зэрыхъущи, взэсмахуэ апхуэдэ зэфIэкI «Спартак-Налшыкым» къыпыкъуэкIакъым. Нэрылъагъущ абы щыджэгуэр зэрыуужьыхар икIи зы тхьэмахуэ дэкIмэ зэхьэзэхуэр гъатхэ пщIондэ зэрызэпагъэнуж къаззрыхуэмыгъэсыр. А лъэхъэнэр ди командэм и унафэщIхэм къагъэсэбэпын хуейщ гупыр зэрыхуа щытыкIэ гугъум кърашу зэкъуагъэзувэжьын папщIэ.

Джэгум и пэщIэдзэм топ къызыхудагъэкIа «Спартак-Налшыкым» зы Iэмали иIа-уэ пхужьIэнукъым бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжыну. Уеблэмэ, абы хэтхэм я щыуагъэм зэIуплIэм и етIуанэ Iыхьэр щыщIидзэми къытригъэззэжащ икIи «Черноморец»-р 2:0-у япэ ирагъэщащ. Футболистыщ Iэхэр къыхигъэхьами, КIэбышэм и гъэсэнхэм яхуэзэфIэкIа щыIэкъым икIи я кIуэцIрыхуныгъэм къыпащащ. Краснодар щрагъэкIуэжьыну мы гъэм къахуэнэжа джэгугъуэ закъуэм дигу фIы къыщIыжыну фIэщщIыгъуейщ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызэпыIугъэхэм зи чэзу текIуэныгъэхэр тхьэмахуэ кIуам зыIэрагъэхьащ. Абы щыгъуэми Астрахань и «Волгарь»-м ар тыншу Донi Iус Ростов къыщыдгъэхьуIамэ, Владикавказ и «Алания»-р «Анжи»-м хуабжьу гугъу Мэхъэчкъалэ щригъэхьащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта джэгугъуэм къыркIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:2**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **2:0**, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхэабз) - **2:1**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Интер»** (Черкесск) - **3:4**, **«Урожай»** (Краснодар) - **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **5:2**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **4:3**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **1:3**.

2019 гъэм «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэтыну джэгуГъуэр щэкIуэгъуэм и 17-м щыIэнущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» «Краснодар-3»м щIэнущ Iущ Iэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019-2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Волгарь»	17	15	1	1	40-6	46
2. «Алания»	17	13	1	3	49-13	40
3. «Черноморец»	17	10	3	4	38-18	33
4. «Динамо-Ставрополь»	17	8	4	5	32-20	28
5. «Дружба»	17	8	4	5	27-26	28
6. СКА	17	7	3	7	23-23	24
7. «Мэшыкъуэ-КМВ»	17	6	5	6	21-13	23
8. «Биолог-Новокубанск»	17	6	5	6	16-20	23
9. «Легион Динамо»	17	6	5	6	14-20	23
10. «Интер»	17	6	4	7	25-33	22
11. «Мэхъэчкъалэ»	17	5	5	7	16-24	20
12. «Краснодар-3»	17	5	3	9	19-33	18
13. «Спартак-Налшык»	17	3	7	7	17-34	16
14. «Урожай»	17	3	5	9	17-36	14
15. «Анжи»	17	2	6	9	20-30	12
16. «Спартак-Владикавказ»	17	0	5	12	13-39	4

Балъкъэр Алим псоми ятокIуэ

Мэзкуу дэт «Олимпийская деревня-80» спорткомплексым щекIуэкIащ СССР-м щIыхь зиIэ и тренер Андреев Владлен дзюдомкIэ и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 22-м къикIа спортсмен 130-м щIигъу.

ТЕКIУЭНЫГЪИПЛI кIихьа нэужь, абыхэм ящыщу щыр хухаха зэманыр имыухауэ, Балъкъэр Алим финалым нэсащ. Зи хьэлъагъыр килограмм 73-м нэблагъэхэм я гупым и кIэух зэIуплIэм абы хьэрхуэрэгъу кIыщыхуэхъуащ турнир сеткэм и етIуанэ Iыхьэм пашэ щыхъуа Кемеровэ областым щыщ Шмаков Георгий. ЗэпэщIэтынымкIэ и еплIанэ дакъикъэр щIидза къудейуэ, Балъкъэрым Шмаковыр «иппон»-кIэ тридзэри, зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Дзюдо

Европэм и вице-чемпион Блий Iэюб

Удмуртием и къалащхьэ Ижевск дэт «Олимпиец» спорт уардэунэм мы махуэхэм щокIуэкI зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуахэм дзюдомкIэ я европей чемпионат. Абы дыжьын медалыр къыщихьащ Блий Iэюб.

ЕВРОПЭМ и къэрал 33-м къикIа спортсмен 230-м щIигъу зыхэт зэхьэзэхуэ иныи екъулIэныгъэшхуэ щызыIэригъэхьащ ди лъахэгъу Блий Iэюб. Килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм къыщыпэщIэува псори щыхигъащIэри, ар финалым нэсащ. КIэух зэIуплIэм и зэпэщIэтынымгъэ гуащIэр ихужащ абы и хьэрхуэрэгъу икIи Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам къыдыхэт Абдулаев Рэмэзан и текIуэныгъэкIэ. Блий Iэюб етIуанэ уВыпIэр иубыдащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Европэм и Кубокым щIобэн

«Оренбургхьэ» спорт комплексым щекIуэкIащ дзюдомкIэ Европэм и Кубокыр къэхьыным ехьэлIа 2005-2006, 2007-2008 гъэхэм къалъхуахэм я зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭМ хэтащ Урысейм и къалэ 41-м, Къэзахъстаным, Таджикистаным, Кыргызыстаным, Куржым, Азербайджаным къикIа спортсмен 500-м щIигъу.

2005-2006 гъэхэм къалъхуахэм я гупым щыбэна хьэлъагъым япэ увыпIэр щиубыдащ Къумыкъу Астемыр. Къущхьэ Тамерлан - етIуанэр. Шыгъушэ Артуррэ Бесльэней Идаррэ домбеякъ медалхэр кхъахащ.

2007-2008 гъэхэм къалъхуахэм я деж дыщэ медалыр щызыIэригъэхьащ Бесльэней Дамир.

Спортсменхэр ягъасэ Урысейм спортымкIэ и мастер Иванов Дмитрийрэ Апхуд Анзоррэ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

● Къалъыхъуэ



Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм къелъыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда **Дёмин Валерий Михаил и къуэр**, 1955 гъэм къалъхуар. Ар 2019 гъэм гъатхэпэм и 12-м Солдатскэ станицэм дэт и унэм дэкIащ икIи нобэр къызэдэсым здэщыIэр ящIэркъым.

И теплъэр: илъэс 60-65-рэ еплынщ, урыс теплъэ иIэщ, нэкIу кIыхьщ, и щхьэцри и жьакIэри тхъуащ, тхьэкIумэшхэущ, и нэхэр къарэщ, пабгъэщ, мащIэу йощIэкъуауэ.

Щыгъар: цыджанэ сырыху, гъэунэшдж фIыщIэ, вакъэ фIыщIэ.

Дёмин Валерий Михаил и къуэм и хэщIапIэр убзыхуныжкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дынывольэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86631) 7-58-02, 7-67-02,02 е полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэвгъаэз.



Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм къелъыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда, Налшык щыпсэу **Коломиец Павел Пётр и къуэр**, 1938 гъэм къалъхуар. Ар 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м Май районым и «Сарский» ДО-м щыIэ и унэм щIэкIауэ нобэр къызэдэсым здэщыIэр ящIэркъым.

И теплъэр: сантиметри 175 и лъагагъщ, и Iэпкълъэпкъкlэ къуэгъущ, и щхьэцыр тхъуащ, икIащ.

Щыгъар: Iэщхьэ кIэщI джанэ зэпрыдз сырыху-щIыхуфэ, гъэунэшдж кIэщI щIыху, кроссовкэ хужь.

Коломиец Павел Пётр и къуэм и хэщIапIэр убзыхуныжкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дынывольэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: (86631) 7-58-02, 7-67-02,02 е полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэвгъаэз.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ

Купым и зэфIэкI

Налшык дэт шахмат-шашкэ джэгухэмкIэ «Ладья» клубым щекIуэкIащ шахмат псынщIэмкIэ республикэпсо зэпеуэ.

ЗЭХЬэЗЭХУЭМ япэ увыпIэр щиубыдащ Шэджэм 2-нэм щыщ шахматист Куп Альберт. Ар тельыджэм япэлъэщащ республикэм бжьыпэр щызыIыгъ Темыркъан Давид, Джэрыджэ Мухьэрбий, Къармэ Мажмудин сымэ. ЕтIуанэ увыпIэр Темыркъан Давид къикIащ (Налшык), ещанэр - Дол Альберт (Чернэ Речка). ЩIалэгъуалэм ящыщу саугъэтхэр Елькъан Давид, Тхьэщыгъуей Надир, Чэрты Мухьэмэд, Пlаз Тенджыз, КIэмыргуей Астемыр сымэ хуагъэфэщащ. Цlыхубзхэм я зэпеуэри удихьэхыу екIуэкIащ. ФIым я фIыжхэу зыкъагъэлъэгъуащ Налшык щыщхэу Бжьахъуэ Людмилэ, курыт еджапIэ №27-м щеджэхэу Бабыгуей Дисанэрэ Угнич Даниэллэрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узышагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтчэтым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщлIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ тредзэ хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 2.060 ●Заказ №1006